# Өзиңизди ҳәм өзгелерди сақлаң!

**Бәриңизге белгили, ҳәзирги ўақытта Қарақалпақстан Республикасында шөлкемлестирилген арнаўлы Штаб тәрепинен елимизге коронавирус инфекциясының кирип келиўи ҳәм оның тарқалыўының алдын алыў, оған қарсы кескин илажлар көриў бойынша бир қатар жумыслар алып барылмақта.**

Image not found or type unknown

Атап айтқанда, Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлиги, Өзбекстан Республикасы Миллий гвардиясының Қарақалпақстан Республикасы бойынша басқармасы, Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги ҳәм ҳуқық-қорғаў уйымлары тәрепинен бул бойынша ҳәр күни Республикамыз аймақларындағы жәмийетшилик орынлар (базарлар, саўда-сатық, дәриханалар сыяқлы халық тығыз жыйналыўы мүмкин болған орынлар)да карантин қағыйдаларына әмел етилиўи үстинен қатаң қадағалаў бойынша рейдлер өткерилмекте.

Өткерилген рейдлер даўамында карантин қағыйдаларына әмел етпеген айырым пуқараларымыздың әмелдеги нызам тийкарында ҳәкимшилик ҳәм жынайый жуўапкершиликке тартылып атырғанын атап өтиў орынлы.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Санитария-эпидемиология қадағалаў Мәмлекетлик инспекциясы Қарақалпақстан Республикасы Басқармасы берген мағлыўматқа көре **карантин дәўири басынан усы күнге шекем Республикада карантин қағыйдалары менен байланыслы жәмийетлик орынларда ныққапсыз жүриў, арнаўлы рухсатнамасыз жеке автотранспорт қуралларын белгиленген ўақыттан тысқары себепсиз ҳәрекетлениў сыяқлы 4700 ден аслам кемшиликлер анықланып, бул бойынша ҳәкимшилик баянламалар дүзилген.**

**Бир ғана 2020-жылдың 26-май жағдайында болса 85 ҳалат анықланып** , соннан 18и автотранспорт қураллары менен байланыслы жағдайлар. Таң қаларлық тәрепи, айырым пуқараларымыздың бийпәрўалығы себепли, бул санлар ҳәр күни артып бармақта.

**Ҳүрметли пуқаралар!!!**

Рейд жумысларын алып барыўдан мақсет – тек пуқараларға жәрийма салыўдан ибарат емес, әлбетте. Бундағы тийкарғы мақсет күтилип турған қәўиптиң алдын алыўдан ибарат екенин терең түсиниўиңизди қәлеймиз.

Себеби, пуқараларымыздың, хожалық жүритиўши субъектлердиң, мәкеме ҳәм кәрханалардың карантин талапларына әмел етиўде итибарсыз яки арқайынлыққа жол қойыўлары мәмлекетимизде кеселликтиң хәўиж алыўына ҳәм эпидемиялогиялық турақлықтың кескинлесиў қәўипин пайда етеди.

**Ҳүрметли Ўатанласлар!!!**

Мәмлекетимизде карантин илажларының бираз жумсартылыўына қарамастан, еле әмел етиўимиз лазым болған талаплар сақланып қалады.

Эпидемиялогиялық қәўипсиз аймақка айланаўымыз ушын зәрүрлик болмаса үйден шықпаўды;

жәмийетлик орынларда нықап тағып жүриўди;

жеке гигиеналық қағыйдаларға әмел етиўди;

Мәкеме, кәрхана ҳәм исбилерменлик субъектлериниң санитария-гигиеналық ҳәм карантин талапларына әмел еткен ҳалда жумыс алып барыўларын ҳәм белгиленген талапларға толық әмел етиўиңизди сорап қаламыз!

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети